



PREMYE 100 JOU YO

Jen -Septanm 2022

EKOUT AK
APRANTISAJ

Tony B. Watlington Sr., Ed.D.
Sipè-Entandan



THE SCHOOL DISTRICT OF
PHILADELPHIA

Yon Mesaj de Sipè-Entandan Watlington

Pandan m ap anbrase onè ekstrawòdinè sa a pou vin sipè-entandan nan Distri Lekòl Filadèlfia, premye priyelite mwen se koute ak aprann. Pandan premye 100 jou mwen yo nan travay la, mwen pral angaje nan aksyon ak konvèrsasyon estratejik, ki reflechi, epi ki fonde sou ekite pou kapab idantifye sa k ap byen fèt kounyeya ak sa ki bezwen amelyorasyon. Pandan m ap apiye sou yon mòd lidèchip kolaboratif ak yon mòd lidèchip ki vize rezulta, mwen pral angaje m avèk divès rezidan nan Filadèlfia pou aprann sou gra istwa vil sa a ak pou tande sa ki nesesè pou reyalie Objektif ak Paramèt Distri Lekòl Filadèlfia.



Filadèlfia se yon vil vibran ki genyen talan ekstrawòdinè ak resous kolektif. Vil sa a, yo konnen pou angajman istorik li nan egalite, lanmou fratènèl, afeksyon frè ak sè, ak aktvis, ka yon lye kote tout timoun akselere aprantisaj yo epi rekonèt don natirèl yo, san konsidere ras, reliyon, sèks, oryantasyon seksyèl, oswa sitiayson ekonomik. Antanke sipè-entandan, mwen pral travay avèk yon gran sans ijans avèk elèv nou yo, fanmi, manm pèsonèl, lidè vil ak lidè eta yo, sendika, inivèsite, aktivis, òganizasyon kominotè, ak lidè biznis yo pou ansanm nou ka pote konsantrasyon, enèji, ak kreyativite nan defi nou genyen ki plis konplèks yo pou amelyore rezulta lavi 198,645 timoun nou sèvi yo. Keseswa yon timoun ap aprann nan anviwònman lekòl tradisyonèl nou an oswa nan kominote lekòl a chart nou an, noumenm, antanke adilt, nou pral preznan pou bay yo resous, lanmou, ak angajman ki nesesè pou wè yo fleri. Travay la pral difisil, men elèv nou yo ap konte sou nou pou kreye opòtinite ki chanje lavi yo ak rezulta pou yo ak pou fanmi yo.

Pandan premye 100 jou mwen yo, ou pral wè, tande, epi santi angajman mwen pou aprann konsènan vil la ak sou Distri Lekòl la. Mwen pral konstwi relasyon ki solid epi ki konstriktif avèk Komisyon Ediksyon nou an, pou nou kapab byen adapte ak objektif moral nou an epi aji avèk konsantrasyon ak entansyon. Epitou nou pral elaji angajman nou avèk kominote nou an pou nou ka aktivman kontribye nan reyisit sistèm lekòl nou an epi reyalize Objektif ak Paramèt yo.

Tou Ekout ak Aprantisaj sa a konsantre sou senk domèn priyelite ki reflete Objektif ak Paramèt yo epi yo se kòmansman yon pakou ki long epi kolaboratif ki mennen nan ekselans. Pwosesis sa a pral mennen yon rapò ki genyen konklyzon ak rekòmandasyon ki pral gide travay nou an ansanm. Mwen enpasyan pou wè yon pakou ki reyisi konsa ke lè nou mande "Kijan timoun yo ye?" yon fason kolektif, nou pral genyen evidans ak konfidans ke repons la se "Tout timoun yo byen!" Nenpòt lòt repons senpleman pa akzeptab.

Mèsi alavans pou opòtinite sa a pou travay an patenarya avèk ou. Pi bon jou nou yo ap tann nou.

Tony B. Watlington, Sr.

Konfyans | Patenarya | Ekite | Ekselans | Aprantisaj

Domèn priyorite pou ekout ak aprantisaj pou akselere akonplisman Objektif ak Paramèt yo

Senk domèn priyorite sa yo pou ekout ak aprantisaj pral ede enfòme panse ak lide mwen yo pandan n ap travay ansanm pou reyalize Objektif ak Paramèt yo pou sipòte tout elèv nou sèvi yo. Aprann plis sou Objektif ak Paramèt yo pandan w ap vizite philasd.org/goalsandguardrails



Domèn Priyorite 1

Evalye Byennèt Elèv ak Manm Pèsonèl la



Domèn Priyorite 2

Angaje Aktè Nou yo epi Ranfòse Konfyans



Domèn Priyorite 3

Evalye Ansèyman ak Aprantisaj



Domèn Priyorite 4

Evalye Kapasite Lidèchip Distri a ak Adaptasyon



Domèn Priyorite 5

Evalyasyon Operasyon Distri yo, Etablisman ak Finans



Domèn Priyorite 1

Evalye Byennèt Elèv ak Manm

Objektif La

Elèv ak manm pèsonèl la pa ka fleri si yo pa an sante sou plan fizik oswa emosyonèl. Antanke yon distri lekòl, nou dwe apwoche pwoblèm byennèt ak sekirite yo kòm yon efò kolaboratif, fè yon rankont avèk akè prensipal yo nan biwo Majistra a, Konsèy Vil la, kominote komèsyal la, ak vwazen nou yo, ak lekòl nou yo pou kreye yon filè sekirite pou elèv ak manm pèsonèl yo aprann ak grandi. Apwòch nou an pou byennèt ak sekirite elèv yo pral ofri elèv nou yo yon envitasyon ak aksè nan ogmantasyon opòtinite pou angaje nan aktivite ki an sante, aktivite ki enpòtan ki pral ede yo ankouraje mantalite ki pozitif. Nou pral travay pou asire ke elèv nou yo wè richès ki genyen nan opòtinite Filadèlfia ofri yo pou vin sitwayen ki pwodiktif.

Mezi Aksyon

- 1.1** Rekrite yon lyezon kominotè ki bay Sipè-entandan an rapò pou kowòdone komunikasyon ak repons kominotè sou pwoblèm kominotè yo, ki genyen ladan pwoblèm sekirite pou elèv ak manm pèsonèl yo.
- 1.2** Revize pou asire ke estrikti yo an plas pou rankontre lidè kominotè kle ak lidè vil yo sou pwoblèm absans kwonik yo, sanzabri, sipò an ijans, ak tan deyò lekòl la.
- 1.3** Evalye posiblite pou elaji aktivite pwogram dete, pwogram aprè lekòl ak pwogram paraskolè yo an kolaborasyon avèk ajans vil la, òganizasyon kominotè, ak aktè kle yo.
- 1.4** Revize fason nou resevwa fidbak ak fason nou reponn fidbak ki soti nan men elèv, manm pèsonèl, paran, ak manm kominotè yo konsènan kliman lekòl la ak pwoblèm sekirite nan lekòl la.
- 1.5** Revize epi evalye done sou sispansyon ak ekspilsyon nan lekòl/distri nou an, avèk yon konsantrasyon patikilye sou enfraksyon ki vyolan nan lekòl nou yo oswa ozalantou lekòl nou yo.
- 1.6** Revize done endividiyèl sou kliman lekòl la.
- 1.7** Revize apwòch nou an pou sipò sante mantal elèv ak manm pèsonèl nou an ak pou detèmine si n ap investi yon fason ki apwopriye nan sipò sante mantal ki kowòdone ak sèvis pou elèv ak manm pèsonèl yo.
- 1.8** Evalye envestisman ki te fèt nan pratik restoratris ak konpòtman pozitif yo, entèvansyon, ak pwogram sipò yo.



Domèn Priyorite 2

Angaje Aktè Nou yo epi Ranfòse Konfyans

Objektif La

Ranfòsman konfyans kòmanse avèk ekout jiska konpreyansyon, epi apresa avèk kolaborasyon ak kominikasyon efikas antanke patnè nan travay pou ede tout elèv yo reyisi. Li enpòtan anpil pou nou konprann espwa ak rèv kominote nou yo, ki genyen ladan elèv, fanmi, manm pèsonèl, lidè vil ak lidè eta yo, sendika, inivèsite, aktivis, òganizasyon kominotè, ak lidè komèsyal yo. Anplis, nou dwe asire ke nou genyen estrikti ki solid, estrikti kolaboratif epi evalye fason n ap kominike antre nou epi avèk lòt moun deyò.

Mezi Aksyon

- 2.1** Lanse yon tou ekout ak aprantisaj pou konprann priyorite egzat ak bezwen tout kominote yo.
- 2.2** Ogmante estrikti kolaboratif avèk Sipè-entandan an.
- 2.3** Rankontre avèk lidè esansyèl yo nan konsiltasyon avèk Prezidan Komisyon Edikasyon an, Vis Prezidan Majistra a, Konsèy, responsab eta yo ak delegasyon lejislatif la, kominote lafwa, lidè komèsyal, ak manm kominotè yo.
- 2.4** Òganize sesyon asanble publik nan rankont an pèsòn oswa sou zoom avèk pwofesè yo, administratè, manm pèsonèl sipò, lòt manm pèsonèl lekòl la, ak anplwaye biwo santral la pou konprann sa k ap mache ak ki domèn estrès/anksyete ki genyen.
- 2.5** Kòmanse diskisyon yo epi kominike avèk patnè sendika nou yo pou etabli yon kilti rèsپè ak konfyans.
- 2.6** Evalye pwotokòl kominikasyon entèn yo, ki genyen ladan estrateji rezo sosyal, pou detèmine fason manm komisyon yo, direktè yo, manm pèsonèl pedagojik, ak manm pèsonèl biwo santral la konprann mesaj tout sistèm yo.
- 2.7** Pwograme retrèt Komisyon Edikasyon an pou revize pwotokòl kominikasyon yo, priyorite 1 lane, ak pwoesisis evalyasyon sipè-entandan an.
- 2.8** Evalye aktyèl dat kominikasyon ak efò angajman distri a, epi evalye kalite sit entènèt distri lekòl la ak sit entènèt lekòl yo.



Domèn Priyorite 3


Evalye Ansèyman ak Aprantisaj

Objektif La

Ansèlman ak aprantisaj mennen amelyorasyon akonplisman akademik epi atenn Objèktif ak Paramèt yo nan travay debaz nou an. Covid-19 te lakoz gwo pètibasyon nan aprantisaj elèv nou an, epi kounyeya nou dwe kòmanse ranfòse koyerans nan pwogram pedagojik nou an pou asire ke pwofesè ak lekòl nou yo genyen sa yo bezwen priyorize ansèyman ak aprantisaj wot kalite. Asire ke tout elèv yo pa sèlman gradye nan Distri Lekòl Filadèlfia men tou prè pou fakilte ak mendèv se objektif ak responsabilite tout anplwaye yo nan distri a, kontraktyèl, ak volontè yo.

Mezi Aksyon

- 3.1** Devlope yon pwosesis pou vizit souvan ak vizit estriktire nan lekòl pou obsève ak sipòte efò amelyorasyon lekòl yo.
- 3.2** Evalye aktyèl pwosesis planifikasyon amelyorasyon lekòl la (ki genyen ladan Plan Amelyorasyon Lekòl la) ak pou asire ke lekòl yo genyen yon sispò sipò ki genyen plizyè nivo epi ki klè pou elèv yo.
- 3.3** Evalye aktyèl efò devlopman pwofesyonèl pou sipòte manm pèsònèl administratif, pedagojik, ak non pedagojik yo ak fason bidjè a mete aksan sou yon envestisman nan devlopman manm pèsònèl.
- 3.4** Evalye koyerans edikasyon distri a ak estrikti pedagojik nan matematik yo.
- 3.5** Konsantre sou domèn sou-pèfòmans akademik epi asire ke estrateji yo an plas pou fè fas ak koz fondamantal tandans yo nan reyisit elèv yo.
- 3.6** Detèmine nan ki pwen aktyèl pwogram nan global epi baze sou rechèch epi nan ki pwen yo adapte ak nòm yo epi pèmèt elèv yo grandi/devlope.
- 3.7** Evalye pousantaj prezans elèv ak manm pèsònèl la, pousantaj elèv ki abandone lekòl, ak pousantaj gradyasyon elèv yo pou soutni pwogrè nan Objektif ak Paramèt yo.



Domèn Priyorite 4

Evalye Kapasite Lidèchip Distri a ak Adaptasyon

Objektif La

Li enpòtan anpil pou Distri Lekòl Filadèlfia genyen yon kilti ki vrèman pèfòman, kolaboratif, ak yon kilti ki vize rezulta. Pou asire ke nou fonksyone antanke yon ekip ki vrèman efikas ki genyen yon kilti pwofesyonèl, nou pral entansyonèlman evalye epi ranfòse kapasite lidèchip nou pou reyalize Objektif ak Paramèt yo. Jan otè Jim Collins deklare, nou pral asire ke nou genyen moun ki apwopriye nan otobis la epi nan syèj ki apwopriye yo. Nou pral fè ekselans pa aksidan. Li pral kòmanse pandan n ap panse l.

Mezi Aksyon

- 4.1** Fè entèvyou endividyièl epi revize CV yo ak dokiman enfòmasyon yo avèk tout rapò dirèk yo.
- 4.2** Administre envantè evalyasyon lidèchip pou aprann konnen lidèchip egzekitif la pi byen.
- 4.3** Etabli yon ekip tranzisyon ki genyen ladan menm kominote lekòl publik Filadèlfia a, lidè lekòl yo ak ekspè nasional K-12 yo.
- 4.4** Administre yon retrèt avèk manm pèsonèl siperyè a pou revize priyorite distri a, done akonplisman ki pi resan yo, pou revize aktyèl vaksen ak vaksen ki antisipe yo, epi diskite sou estrikti ak pratik ekip lidèchip la.
- 4.5** Revize aktyèl estrikti biwo a, adaptasyon, ak kapasite pou akonpli Objektif ak Paramèt yo.
- 4.6** Evalye otonomi ak otorite lidè lekòl yo (Direktè yo) nan aktyèl estrikti òganizasyonèl la.
- 4.7** Planifye yon dezyèl retrèt avèk manm pèsonèl siperyè a pou revize plan responsablite ak estrikti òganizasyonèl yo pou akonpli Objektif ak Paramèt yo.



Domèn Priyorite 5

Evalyasyon Operasyon Distri yo, Etablisman ak Finans

Objektif La

Pou satisfè bezwen tout elèv yo nan Distri Lekòl Filadèlfia, li enpòtan anpil pou operasyon ak finans yo adapte ak politik Komisyón an, epi reprezante ekselans ak transparans. Yo pral felisite chak divizyon pou detèmine fason yo maksimize sipò ak sèvis yo nan lekòl yo pandan y ap itilize yon modèl amelyorasyon k ap kontinye. Anplis, nou pral evalye pwofondè pwoblèm etablisman nou yo.

Mezi Aksyon

- 5.1** Òganize rankont endividyièl avèk rapò dirèk sou operasyon, resouzimèn, ak sou bidjè, ki genyen ladan itilizasyon fon ESSER yo ak fason y ap itilize ak evalye sibvansyon lokal, eta, ak federal la.
- 5.2** Revize balans fon distri a, pwojeksyon finansye, alokasyon resous ak pwosesis bidjetè; evalaye fason bidjè distri a ak pwosesis bidjè a adapte ak akonplisman sipò elèv la.
- 5.3** Òganize rankont endividyièl avèk Biwo Konseye Jiridik la pou revize tout aktyèl ak dènye pouswit legal la oswa jijman ki ankou kont distri a ak pou bay yon rezime sou kòd edikasyon eta a avèk atansyon nan lwa ki aktyèl ap fè enpak sou distri a oswa ki genyen chans pou fè enpak sou distri a.
- 5.4** Revize evalyasyon kondisyon etablisman Distri a ak aksyon yo pou detèmine adaptasyon ak amelyorasyon akonplisman elèv ki gide pa Objektif ak Paramèt yo ak pwosesis planifikasyon etablisman an.
- 5.5** Resewva yon mizajou sou tout aktivite fondasyon an ak fason fon sa yo sipòt lekòl yo.
- 5.6** Revize materyèl finansye kle distri a, bidjè, dènye odit yo, sibvansyon, ak tout lòt tapò ak odit ki te founi pa Biwo Enspektè Jeneral la ak Biwo Sèvis Odit Komisyón an.
- 5.7** Revize aktyèl kontra travay ak kalandriye yo.
- 5.8** Evalye nan ki mezi Distri a ekilibre santralizasyon bidjè ak sèvis yo.



PREMYE 100 JOU YO EKOUT AK APRANTISAJ

Tony B. Watlington Sr., Ed.D. | *Sipè-entandan*

Aprann plis pandan w ap vizite philasd.org/100days

